***05.01.2025г.***

***Класс:*** *6 «А»*

*Нохчийн меттан, литературин хьехархо Делимханова А.А.*

***Урокан тема:*** *Ц1ерметдешнийн тайпанаш*

***Урокан тайпа:*** *Довзийтаран*

***Урокан 1алашонаш:***

***Предметни*** *(Кхеторан)****:*** *ц1ерметдешнийнтайпанаш а, церан маь1на а довзийтар.*

***Метапредметни*** *(Кхиоран 1алашо)****:*** *къамелехь моссо а тайпанан ц1ерметдшнех пайда эца а, маь1ница уьш нийса билгалдаха 1амор.*

***Личностни (Кхетош-кхиоран 1алашо):*** *шен матте а, винчу махке безам кхиор, г1иллакх-оьздангалла довзар.****(Слайд 2)***

## *Урокан д1ах1оттам*

***I. Берийн ойла т1еерзор*** *(Мотиваци)****:*** *Де дика дойла шун массера! Со Асет Амрудиновна йу, нохчийн меттан хьехархо. Тахана вай д1ахьура ю рог1ера нохчийн меттан урок. Бераш, муьлхачу дог-ойланца даьхкина шу уроке? Шун х1оранне стоьла т1ехь суьрташ ду, цаьрца гайта шайн дог-ойла.*

*Аса х1инца цхьа самукъане дийцар дуьйцур ду шуна, х1ораммо а шен дахар басарщца хийца дезаш хиларх а, диканиг, сирланиг, хазаниг тидаме эца 1аморах лаьцна. Доцца, амма синк1оме.*

*Цхьана дийнахь хьехархочо шен дешархо ша волчу а кхайкхина, элира цуьнга:*

*-Гуонаха дика д1асахьажий, моссо а боьмаша йолу х1уманаш билгайаха.*

*Жима стаг чоьна чухула д1асахьаьжира. Чохь дуккха а боьмаша х1уманаш йара: дечигех дина гуранаш долуш суьрташ а дара пенах кхозуш, диванан цхьацца коьчалш а, г1анташ а, кораш т1ера карнизаш, иштта дуккха тайп – тайпана кегий х1уманаш, киншканаш т1ехь а цхьацщанахьа боьмаша беснаш, хьехархочун шира мачаш йара боьмаша басахь.*

*Ша- шена реза хилла хьехархочуьнга д1авирзира к1ант, ша г1улкх чекхдаьккхина хилар гойтуш.*

*- Ткъа х1инца – элира хьехархочо, - б1аьрграш д1акъовлий, йерриге сийна басахь йолу х1уманаш билгалйе.*

*Жима стаг жимма вуьйхира: «Хьехархо, амма чоьна чохь йац и тайпа х1уманаш.*

*Т1аккха хьехархочо элира:*

*- Б1аьргаш схьаделла, хьажа мел йу кху чохь сийна х1уманаш.*

*Дешархо д1асахьаьжира. Нийса ду, сийна бос массанхьа а бу:сийна куз а, хьехархочун коч а, стоьла т1ера ваза а, кхин т1е а корера бойнаш а сийна йара.*

*Т1аккха хьехархочо тийна таь1на элира:*

*- Боьмаша х1уманаш бен лоьхуш вацара хьо. Цундела хьуна уьш бен ца карийра, тидам ца бира ахь. Иштта хуьлу-кх дахарехь а. Стага воних лехча, цунна воних бен ца го, хазачун а, дикачун а цо тидам ца бо цо.*

*Цундела олу ирсе хиламело а атта ду. Х1уманаш, басарш тидаме эца 1ама веза дог- ойла хаза хила, ирсе хила. Х1ора стеган ницкъ бу шен дахар сирлачу басаршца д1айаздан. Иза дан аьтто бу, дахарехь хазаниг, диканиг ган г1оьртичхьана.*

*Со тешна ю, аш тахана хазачу дог-ойланца урокехь дика болх бийриг хилар.*

***II. Хаарийн актуализаци**: Бераш, аса шуна сой йовзийтира. Х1инца суна аша шайх лаьцна жимма дийца лаьа. Вайн уьн т1ехь биллина го бу. Цуьнан г1оьнца аша шайн амалех лаьцна дуьйцар ду.*

***(Слайд 4)***

*-Бераш, муьлхачу къамелан декъо г1о дира шуна амалаш юьйцуш?* ***(Билгалдош)***

*- Билгалдешан г1оьнца вайн уьн т1ехь кхоллаели б1аьстенан коьрта билгало, шу санна хаза зезаг!*

*-Зезаг юккъахь яздинарг муьлха къамелан дакъа ду?* ***(Ц1ерметдош)***

*-Зезаг юкъахь дерг ц1ерметдош делахь, муьлхачу къамелан декъах лаьцна дуьйцар ду вай тахана?* ***(Ц1ерметдашах)***

*- Нийса жоп ду! Шайн тетрадаш т1е д1аязде терахь, классера болх. Тема язъян меттиг бита.*

***III. Карладаккхар.***

*-Х1инца шуна ц1ерметдешнех лаьцна х1ун хаьа, хьовсар ду вай.*

***Слайд 5***

*-Стенах олу вай ц1ерметдош?* ***(Ц1ердешан, билгалдешан, терахьдешан метта лелачу къамелан декъах ц1ерметдош олу).***

*- Ткъа х1инца вай д1ахьура ю нийсаязъяран минот.*

***(Слайд 6,7)***

*Дешнийн диктант.*

*Кхоъ, к1ант, жима,иза, ткъа,коч,йовлакх,баьццара, сан,хьенех,оьзда,доттаг1а, эзар, х1ара.*

*-Шайн къамелан дакъошка а х1иттош, ског1аме д1аязде.*

| **Ц1ердош** | **Билгалдош** | **Терахьдош** | **Ц1ерметдош** |
|---|---|---|---|
| к1ант | жима | кхоъ | иза |
| коч | баьццара | ткъа | сан |
| йовлакх | оьзда | эзар | хьенех |
| доттаг1а | | | х1ара |

*Вайна ц1ерметдешнаш девза, амма церан тайпанаш ца девза, цундела церан тайпанаш билгаладаха ца хаьа.*

*Х1ун 1алашо х1оттайо вай ваьшна тахененна?* ***(ц1ерметдешнийн тайпанаш довзар а, церан маь1на довзар а, къамелехь царех пайда эца а, маь1ница уьш нийса билгалдаха 1ама)***

***IV.Керла коьчал йовзийтар.***

*Уьн т1ехь хьалхxе кечйина ю кеп:*

*Вайна ц1ерметдешнийн барх1тайпаду.****(слайд 8)***

| | |
|---|---|
| *1. Яххьийн* | *со, тхо, хьо, шу, уьш,и,иза* |
| *2. Дерзоран* | *суо, со-суо,шу-шаьш* |
| *3. Доладерзоран* | *сан,церан, хьан,шун* |
| *4. Гайтаран* | *х1ара, д1ора, цигара,кхузара* |
| *5. Къастаман* | *х1ара, изза, муьлхха а* |
| *6. Къастамза* | *хьенех, минех, масех, цхьаверг* |
| *7. Дацаран* | *х1умма а, цхьа а, аддам а* |
| *8. Хаттаран* | *мел? маса? х1ун?* |

*-Х1ора тайпанна ц1ерметдешнаш дуьйцуьйту дешархошка.*

*Ц1ерметдашо вайнмоттбийцарехьдоккха г1о до.*

*Масала, вайга хьошалг1а стаг вог1уш, не1 туху. Чохь 1аш долчувайнаиза мила вуцахаьа.*

*Вайолу «мила ву?» И «мила» боху ц1ерметдош дацахьаравайвайна мелвевзашволчу стеган ц1ераш йаха йезар яра .*

*(Ахьмадву? Асет ю? ..и .д1.кх.)*

*Ц1ерметдашо мел г1о до вайнакъамелехь!*

***Хьалхара т1еч1аг1дар.***

***Тобанашкахь болх***

***<u>1-ра тоба</u>.** Предложенешкара ц1ерметдешнаш схьалаха.*

***Ас шуна**баркаллабоху, **аш тхан**сийдарна.*

*Тахана**шун**баркаллица,**аш**лерарца, **суо**ирсехета**суна**.*

*Хьалхарчу предложенехь ц1ерметдешнаш **ду: ас, шуна, аш, тхайн,***

*Шолг1ачу предложенехь: **шун, аш, суо, суна.***

***2-г1а тоба.**Предложенешкарац1ерметдешнийнтайпанаш билгалдаха.*

*Со а мавеара, Хьаьжа-1ела, хьоволчу.*

*Х1окху предложенехь**со, хьо** – яххьийн ц1ерметдешнаш ду.*

***3-г1а тоба.**Х1окху дешнийнцхьаьнакхетаршкарчу ц1ерметдешнийн тайпанашбилгалдаха:*

*Цхьа а стаг, хьан доттаг, х1ара к1ант, цигара ц1а, кхузаранах, сан дахар.*

*Кеп: Цхьа а-дацаран.*

*Цхьа а- дацаран, хьан- доладерзоран, х1ара, цигара – гайтаран, сан - доладерзоран*

***V.1амийнарг т1еч1аг1дар.***

*1.Кхочушде 131-г1а шардар. (тобанашкахь болх)*

2. ***Маь1ница уьйр йолу дешнаш цхьанатоха: (слайд)***

***Суна…  ц1енош***

- ***Тхьога..  стаг***
- ***Хьо..  ваханера***
- ***Шух..  дагавелира***
- ***Цаьрца..  гира***

- ***Масех..        веара***
- ***Д1ора…       хезира***

***Болх слайде хьовсуш вовше таллар.***

***САДА1АРАН МИНОТ.***

*Дог1а*

*Мела, мела мох хьаькхи*

*Мохо мархаш лоьхку, лоьхку,*

*Дог1а доьлху, доьлху.*

*Т1адамаш лаьтта 1ена, 1ена, -*

*К1енан кенаш мохо ловзадо.*

*К1ено охьа таь1ий:*

*Молу дог1а, молу, молу.*

*Мела дог1а, ца соцуш,*

*Дог1у ,дог1у, дог1у.*

*Д1асеци.. кхийти малх*

***Теоретически хаарех т1едилларш кхочуш деш, пайдаэцар:***

*-Х1инца кхи д1а вешан 1алашонна т1екхийдаш болх бийра бу вай!*

*Шуна х1оранне хьалха кехаташ ду охьа дехкина, вайн къоман поэтан Дикаев Мохьмадан «Сан Даймохк» байт йукъара кийсак. Кехаташ  т1ехь т1едиллар ду, вовше г1о деш кхочушде! (мукъам болало)*

*Нанас берахь дуьйна*

*__________марзбина,*

*_________дагардуьйцуш*

*Хийла ойла йина.*

*______дай баьхна латта,*

*______ирс долу Даймохк,*

*______кхийина,______стаг вина*

*_______ новкъа велира..*

***Дикаев М.***

*Нанас берахь дуьйна*

***Суна хьо** марзбина,*

***Хьоьга** дагардуьйцуш*

*Хийла ойла йина.*

***Сан** дай баьхна латта,*

***Сан** ирс долу Даймохк,*

***Ахь** кхийина, **ахь** стаг вина*

***Со** новкъа велира..*

***Дикаев М.***

*-Слайд т1ехь хьовсу вай аш т1едиллар нийса кхочуш дина, йа ца дина. (Слайд 8) Бераш, шен Даймохк безар а, шен мотт безар а,нан йезар а цхьатерра ду шуна.вайн урок йерзош ала лаьа сунна вайн Республикин Хьалхарчу Президентан Кадыров Ахьмад –Хьаьжин дешнаш: «Мотт бу – къам ду, мотт бац – къам дац». Ахьмад хьаьжин во1а Респуликан Куьйгалхочо Рамзана нохчийн мотт кхиорна, ларбарна, баржорна т1ехьаажийна бечу белхаша шуьйра некъ белла вайна. Везачу Дала ницкъ, хьекъал лойла вайна нийсачу новкъа, нохчийн меттан сий ларам беш, д1адаха.*

***Рефлекси яр***

*-Хьан эр дара соьга вай тахана керла х1ун 1еми?*

***(Тахана вайна ц1ерметдешнийн тайпанаш а девзи).***

*-Вай урок йолалуш х1оттийна 1алашо кхочуш йин вай?*

***(Къамелехь ц1ерметдешнийн тайпанех пайда эца а, маь1ница уьш нийса билгалдаха 1еми, ц1ерметдош ца хилча йиш йоцуш пайде къамелан дакъа хилар девзи).***

*- Бераш, муьлхачу дог-ойла кхолла ели шун урокан чаккхенгахь?* ***(Суьрташца гойту)***

*-Ткъа суна вай урок йолалуш кечдина зезаг кхин хаза дан лаьа. Ойла йича, т1е тоха, д1а даккха х1умма дац, делахь, сайгара цхьаъ яздан лаьа суна. Суна шу ч1ог1а жигаре, догц1ена,сирла, кхетаме бераш дуй хии . Суна ч1ога хаза хийти аша урокехь иштта жигара дакъа лацар . Йоккха йина ца йолу шун классе со нисъяларна. Кху т1ехь вай урок чекхйолу.*

*1одика йойла шун, марша 1ойла!*

*Дела реза хуьлда!*

**2025-чу шеран чиллин беттан пхоьлг1а де**

**6 –г1а класс «Ц1ерметдешнийн тайпанаш»**

**ц1е йолчу коьчална деллачу нохчийн меттан диллинчу хьехарсахьтан**

**САМОАНАЛИЗ**

Таханлера хьехарасахьт йалхолг1ачу классехь дешархошна ц1ерметдешнийн тайпанаш йара. Цуьнга хьаьжжина йара аса хьехарсахьтана хьалхах1иттийна коьрта 1алашонаш: *ц1ерметдешнийн тайпанаш а, церан маь1на а довзийтар; къамелехь моссо а тайпанан ц1ерметдшнех пайда эца а, маь1ница уьш нийса билгалдаха 1амор;*

*шен матте а, винчу махке безам кхиор, г1иллакх-оьздангалла довзар.*

Хьехарсахьт д1ах1отторан а, д1адахьран а, дерзоран а кепаш а, некъаш а билгалдохуш аса тидаме лаьцнера берийн хенийн, амалийн а, церан хааринйн а, нохчийн матте болчу хьежамийн а, кхиарийн барамийн а, могшаллин а башхаллаш. Урокехь ас йукъа йалийра барта, гайтаме, мультимедийни методаш.

Урок белхан тайп-тайпана кепаш йукъайалорца д1айаьхьира: дешархойн дог- ойла ойуш дийцар дешарца йолийра ас урок, тобанашкахь болх бира, массо а дешархочо дакъалоцу болх бира. Урок чекхйаллалц бохург санна, царна йукъахь д1абаьхьира мела а самукъане болх.

Сурт х1отторца а, гайтарца а урокан ц1е йаккхийтира, 1алашонаш билгалйахийтира дешархошка хаттарш даларца. Цул т1аьхьа х1оранна т1едиллар делира, 1амийнарг карла а доккхуш болх байтира. Урокана йукъа ца йалийча нийса хир дацара аьлла, керла методаш йукъа а йалийра ас: аудиозапись, презентаци.

Церан хааринйн а, кхетам кхиарийн а мехе хьаьжжина деш долчу т1едахкаршца берашка шаьш шайца бойтучу балхо аьтто боккху хьехархочун дешархой хаарш лакхарчу т1ег1ан т1е кхачо. Гайтаран а, тайп-тайпан кепа суьрташца бойтучу балхо дешархойн дозуш долу къамел а, кхетам а кхиадо. Бес-бесарчу кепашца а, некъашца а д1ахьучу а балхо дешархой к1езиг х1итта а бо, йоза-дешар к1орда а ца дойту. Жигара а, лехаме а белхаш бинчул т1аьхьа могашаллин ойла йан йеза аьлла, йукъа йалийра сада1аран минот.

Жам1 деш бераша шайна 1еминарг, шаьш кхеттарг дийцира.

Ас хаьржина болу урокан х1оттам (структура), цуьнан чулацам пайдехьа, эвсаре хилла, х1иттийна 1алашонаш кхочушйарехь.

Урокан 1алашонаш кхочуш хила аьлла, хетта суна.

Гуьмсан к1оштан Керла-Энгинарчу йуккъерчу хьукматан нохчийн меттан, литературин хьехархо Делимханова Асет Амрудиновна

***<u>1-ра тоба</u>.*** *Предложенешкара ц1ерметдешнаш схьалаха.*

***Ас шуна*** *баркалла боху,* ***аш тхан*** *сийдарна.*

Тахана **шун** баркаллица, **аш** лерарца, **суо** ирсе хета **суна**.

**2-г1а тоба.**Предложенешкарац1ерметдешнийнтайпанаш билгалдаха.

Со а мавеара, Хьаьжа-1ела, хьоволчу.

Х1окху предложенехь**со, хьо** – яххьийн ц1ерметдешнаш ду.

**3-г1а тоба.**Х1окху дешнийнцхьаьнакхетаршкарчу ц1ерметдешнийн тайпанашбилгалдаха:

Цхьа а стаг, х1ара к1ант, цигара ц1а, сан лаам, х1аррадахар.

Кеп: **Цхьа а**-дацаран, **х1ара, цигара** – гайтаран, **сан** – йаххьийн, **х1арра** - къастаман

**1-ра тоба.** Предложенешкара ц1ерметдешнаш схьалаха.

**Ас шуна**баркаллабоху, **аш тхан**сийдарна.

Тахана**шун**баркаллица,**аш**лерарца, **суо**ирсехета**суна**.

**2-г1а тоба.**Предложенешкарац1ерметдешнийнтайпанаш билгалдаха.

Со а мавеара, Хьаьжа-1ела, хьоволчу.

Х1окху предложенехь**со, хьо** – яххьийн ц1ерметдешнаш ду.

**3-г1а тоба.**Х1окху дешнийнцхьаьнакхетаршкарчу ц1ерметдешнийн тайпанашбилгалдаха:

Цхьа а стаг, х1ара к1ант, цигара ц1а, сан лаам, х1арра дахар.

Кеп: **Цхьа а**-дацаран, **х1ара, цигара** – гайтаран, **сан** – йаххьийн, **х1арра** - къастаман

Нанас берахь дуьйна

__________марзбина,

________*дагардуьйцуш*

*Хийла ойла йина.*

______*дай баьхна латта,*
______*ирс долу Даймохк,*
______*кхийина,*______*стаг вина*
_______ *новкъа велира..*
***Дикаев М.***

*Нанас берахь дуьйна*

__________*марзбина,*

________*дагардуьйцуш*

*Хийла ойла йина.*

______*дай баьхна латта,*
______*ирс долу Даймохк,*
______*кхийина,*______*стаг вина*
_______ *новкъа велира..*
***Дикаев М.***

*Нанас берахь дуьйна*

__________*марзбина,*

________*дагардуьйцуш*

*Хийла ойла йина.*

______*дай баьхна латта,*
______*ирс долу Даймохк,*
______*кхийина,*______*стаг вина*
_______ *новкъа велира..*
***Дикаев М.***

***Рефлекси.*** *-Хьан эр дара соьга вай тахана керла х1ун 1еми?*

***(Тахана вайна ц1ерметдешнийн тайпанаш а девзи).***

**Рефлекси.** *-Вай урок йолалуш х1оттийна 1алашо кхочуш йин вай?*

***(Къамелехь ц1ерметдешнийн тайпанех пайда эца а, маь1ница уьш нийса билгалдаха 1еми).***

**Рефлекси.** *-Хьан эр дара соьга вай тахана керла х1ун 1еми?*

***(Даймахке а, мате а болу безам ч1аг1бели).***

*-Вай урок йолалуш х1оттийна 1алашо кхочуш йин вай?*

***(ц1ерметдош ца хилча йиш йоцуш пайде къамелан дакъа хилар девзи).***

**Рефлекси.** *-Хьан эр дара соьга вай тахана керла х1ун 1еми?*

***( Цхьацца долу г1иллакхаш девзи).***

**Рефлекси.** *-Хьан эр дара соьга вай тахана керла х1ун 1еми?*

***(шен дахар а, дог-ойла хазачу басарца тойан йези 1еми).***

*Х1ун 1алашо х1оттайо вай ваьшна таханенна?* ***( церан маь1на довзар а)***

*Х1ун 1алашо х1оттайо вай ваьшна таханенна?* ***(къамелехь царех пайда эца)***

*Х1ун 1алашо х1оттайо вай ваьшна таханенна?* ***(маь1ница уьш нийса билгалдаха 1ама а)***

*Х1ун 1алашо х1оттайо вай ваьшна таханенна?* ***(ц1ерметдешнийн тайпанаш довзар)***

*Х1ун 1алашо х1оттайо вай ваьшна таханенна?* ***( церан маь1на довзар а)***

*Х1ун 1алашо х1оттайо вай ваьшна таханенна?* ***(къамелехь царех пайда эца)***

*Х1ун 1алашо х1оттайо вай ваьшна таханенна?* ***(маь1ница уьш нийса билгалдаха 1ама а)***

*Х1ун 1алашо х1оттайо вай ваьшна таханенна?* ***(ц1ерметдешнийн тайпанаш довзар)***

*Х1ун 1алашо х1оттайо вай ваьшна таханенна?* ***( церан маь1на довзар а)***

*Х1ун 1алашо х1оттайо вай ваьшна таханенна?* ***(къамелехь царех пайда эца)***

*Х1ун 1алашо х1оттайо вай ваьшна таханенна?* ***(маь1ница уьш нийса билгалдаха 1ама а)***

*-Шайн къамелан дакъошка а х1иттош, бог1аме д1аязде.*

| ***Ц1ердош*** | ***Билгалдош*** | ***Терахьдош*** | ***Ц1ерметдош*** |
|---|---|---|---|
| | | | |
| | | | |
| | | | |
| | | | |

*-Шайн къамелан дакъошка а х1иттош, бог1аме д1аязде.*

| ***Ц1ердош*** | ***Билгалдош*** | ***Терахьдош*** | ***Ц1ерметдош*** |
|---|---|---|---|
| | | | |
| | | | |
| | | | |
| | | | |

*-Шайн къамелан дакъошка а х1иттош, бог1аме д1аязде.*

| ***Ц1ердош*** | ***Билгалдош*** | ***Терахьдош*** | ***Ц1ерметдош*** |
|---|---|---|---|
| | | | |
| | | | |
| | | | |
| | | | |

*-Шайн къамелан дакъошка а х1иттош, бог1аме д1аязде.*

| ***Ц1ердош*** | ***Билгалдош*** | ***Терахьдош*** | ***Ц1ерметдош*** |
|---|---|---|---|
| | | | |
| | | | |
| | | | |
| | | | |